

DOKIMAN NAN ACHIV (COVID-19)



Dokiman ki annapre la a se pou rezon istorik epi yo pap fè mizajou ladan ankò. Tanpri ale sou [sit entènèt COVID-19](#) la pou jwenn enfòmasyon ki pi resan yo.



**U.S. Department of
Health and Human Services**
Centers for Disease
Control and Prevention

Lis kontwòl: Planifikasyon pou Aprantisaj Vityèl oswa Lakay

Òganizasyon Aprantisaj Vityèl oswa Lakay

Dispozisyon ki pou pran ak pwèn pou konsidere	Nòt
Eseye asiste aktivite ak reyinyon yo nan lekòl la. Lekòl yo gendwa ofri pifò nan sa yo ak mwayen vityèl. Reyinyon sa yo kapab yon fason pou fè konnen nenpòt enkyetid ou ka genyen konsènan plan lekòl la.	
Kreye yon orè avèk timoun ou an epi pran yon angajman pou respekte li. Estrikti ak woutin kapab ede timoun ou an anpil pou li pa anreta avèk devwa yo. Pale sou orè fanmi ou epi idantifye meyè moman pou aprantisaj ak ansèyman, ansanm ak aktivite fizik ki oryante sou fanmi, tankou pwomnad deyò. Yon kalandriye famiyal oswa lòt sipò vityèl kapab itil pou swiv dat limit yo ak devwa yo.	
Eseye jwenn yon espas kote w ap viv la pou aprantisaj ak pou fè devwa ki pa gen okenn distraksyon, bri, ak ankonbreman. Sa ta kapab yon kote ki trankil, ki byen klere nan salamanje ou oswa nan salon ou oswa yon kwen nan kay ou ki ta ka pran yon ti tab, si sa disponib.	
Idantifye opòtinite pou timoun ou an konekte avèk kamarad yo ak pou li kapab sosyal—swa ak mwayen vityèl oswa an pèsòn, pandan l ap respekte distans fizik.	

Planifikasyon pou Aprantisaj Vityèl oswa Lakay

Dispozisyon ki pou pran ak pwèn pou konsidere	Nòt
Dekouvri si pral gen okazyon regilye ak konsistan pandan chak jou pou pèsònèl la ak elèv yo fè tchèk ak pou aprantisaj ant kamarad.	
Dekouvri si elèv yo gen okazyon regilyèman pou ansèyman videyo andirèk ak pwofesè oswa si yo pral sitou gade videyo ki anrejistre davans epi resevwa devwa ki akonpaye yo.	
Mande si lekòl la pral ofri aktivite fizik vityèl oswa avèk distans sosyal. Si yo p ap fè sa, idantifye fason pou ajoute aktivite fizik nan woutin chak jou timoun ou an.	
Mande lekòl ou an ki dispozisyon yo pran pou ede elèv yo adapte yo pou retounen lekòl ak fason COVID-19 gendwa te deranje lavi chak jou elèv yo. Sipò yo ka gen ladan konsèy eskolè ak sèvis sikolojik, pwogram ki konsantre sou aprantisaj sosyo-emosyonèl (Social-Emotional Learning, SEL), ak gwoup sipò kamarad/sosyal.	



cdc.gov/coronavirus

Si timoun ou an patisipe nan pwogram manje lekòl la, idantifye fason distri lekòl ou an planifye pou mete manje aladispozisyon elèv k ap aprann ak mwayen vityèl lakay yo.	
Si timoun ou an gen yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan 504 oswa li resevwa lòt sipò pou aprantisaj (pa egzanp, leson patikilye), mande lekòl ou an kijan sèvis sa yo pral kontinye pandan aprantisaj vityèl lakay li.	
Si timoun ou an resevwa terapi lapawòl, terapi okipasyonèl oswa terapi fizik oswa lòt sèvis asosye ak sa nan lekòl la, mande lekòl ou an kijan sèvis sa yo pral kontinye pandan aprantisaj vityèl lakay li.	
Si timoun ou an resevwa sèvis pou sante mantal oswa pou konpòtman (pa egzanp, fòmasyon nan konpetans sosyal, konsèy), mande lekòl ou an kijan sèvis sa yo pral kontinye pandan aprantisaj vityèl lakay li.	
Si ou prevwa pou ou gen baryè teknolojik pou aprantisaj apati lakay ou, mande si lekòl oswa kominote ou an kapab bay sipò oswa èd pou elèv ki pa gen aparèy elektwonik apwopriye pou travay lekòl yo (tankou yon konpitè/ laptòp oswa tablèt).	
Si lekòl ou an ofri yon plan ibrid, abitye ou avèk plan lekòl ou an konsènan fason yo pral kominike avèk fanmi yo lè yo idantifye yon ka pozitif oswa yon ekspozisyon avèk yon moun ki gen COVID-19 epi asire yo respekte vi prive elèv.	

Konsiderasyon anrapò ak Sante Mantal ak Byennèt Sosyo-emosyonèl

Dispozisyon ki pou pran ak pwèn pou konsidere	Nòt
Siveye epi prevwa chanjman konpòtman kay timoun ou an (pa egzanp kriye twòp oswa iritasyon, twòp enkyetid oswa tristès, abitye manje oswa abitye dòmi ki pa bon pou sante, difikilte pou konsantre), sa ki gendwa siy ke timoun ou an gen difikilte avèk estrès ak anksyete .	
Pale avèk timoun ou an sou fason lekòl la pral dewoule ak konsènan entèraksyon avèk kamarad klas yo ak pwofesè yo. Dekouvri kijan timoun ou an santi l epi fè li konnen ke sa li petèt santi an nòmal.	
Mande lekòl ou an nenpòt plan pou diminye prejije ki ka genyen anrapò lefèt ke yon moun gen oswa yo sispèk li gen COVID-19.	
Mande lekòl ou an nenpòt plan pou sipò koneksyon avèk lekòl pou asire ke elèv yo pa vin izole sou plan sosyal pandan peryòd pwolonje aprantisaj vityèl/lakay.	
Tcheke si lekòl ou an gen nenpòt sistèm an plas pou idantifye ak pou bay sèvis sante mantal pou elèv ki bezwen sipò. Si genyen, idantifye kote/moun pou kontakte a pou sèvis sa yo nan lekòl ou an.	<i>Non moun pou kontakte a nan lekòl la:</i> <i>Enfòmasyon pou pran kontak:</i>

<p>Tcheke si lekòl la gen yon plan pou ede elèv yo adapte yo ak aprantisaj vityèl/lakay, epi nan fason pi jeneral, adapte yo ak fason COVID-19 gendwa te deranje lavi chak jou elèv yo. Sipò yo ka gen ladan konsèy eskolè ak sèvis sikolojik, pwogram ak pwogram detid ki konsantre sou aprantisaj sosyo-emosyonèl (Social-Emotional Learning, SEL), ak gwoup sipò kamarad/sosyal.</p>	
<p>Idantifye okazyon pou timoun ou an kapab aktif fizikman pandan aprantisaj vityèl/lakay.</p>	
<p>Tcheke si lekòl ou an pral bay fòmasyon vityèl/lakay pou elèv yo sou plèn konsyans, kote yo entegre SEL nan pwogram detid salklas la, oswa sipò pou estrès ak adaptasyon pou timoun ou an.</p>	
<p>Ou kapab yon modèl pou timoun ou an si ou pratike swen pèsònèl:</p> <ul style="list-style-type: none"> ◦ Pran poz ◦ Dòmi anpil ◦ Fè egzèsis ◦ Manje byen ◦ Rete konekte sosyalman 	